Спортыр зи гъащІэ гъуэ

2-нэ пап.

Кулиевым теухуа зэІущІэ

3-нэ пап.

Аргентинэр Дунейпсо чемпионщ

3-нэ пап.

«ЦыкІураш»

4-нэ пап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№151 (24.433) • 2022 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 20, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

Махуи 4-щ къэнэжар

ПщІэ зыхуэтщІ щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ! 2023 гъэм и япэ илъэс ныкъэм ди газетыр зыІэрыхьэну хуейкэм абы щытрадзэну пІалъэр дыгъэгъэзэм и 23-м еух.

«Адыгэ псалъэм» Іэ тедзэным феужьэрэкІыну, иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхуходжэ. Ди ныбжьэгъу пэжу адэкІи фыкъэнэну, дунеймрэ лъэпкъымрэ ехьэлІа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм анэдэлъубзэмкІэ къыдэкІ газет закъуэмкІэ зыщывгъэгъуэзэным къыпыфщэну фыхуеймэ, фигу къыдогъэкІыж «Адыгэ псалъэм» мазихым и уасэр:

унэм ныфхуахьынымэ - сом 801-рэ кІэнІейкІэ 72-рэ;

фэ езым пощтым къыщеІыфхьынымэ - сом 728-рэ кІэнІейкІэ 64-рэщ.

«Адыгэ псалъэм» щытевдзэ хъунущ КЪБР-м пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм и Іуэхущ Іапл Іэ псомиІ.

Ди индексыр П 5894.

Республикэм и унафэщІ КІуэкІуэ Казбек хуэзащ Лэжьыгъэм и Лыхъужь, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я цІыхубэ тхакІуэ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ.

«Мэшбащ Іэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щхьэусыгъуэ дахэкІэ къэкІуэщ. Ар хэтащ езым и ныбжьэгъу икІи гъэсакІуэ, КъБАССР-м и цІыхубэ усакІуэ Кулиев Къайсын къыІэралъхурэ илъэси 105-рэ зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ пшыхьым. А щІыкІэм тету Исхьэкъ аргуэру зи чэзу Іуэхугъуэшхуэ зэфІигъэкІащ Урысейм ис зэкъуэш лъэпкъхэм яку дэпЪ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным хуэгъэзэуэ.

Сэ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ фІыщІэ хуэсщІащ ди лъахэгъу усакІуэ, тхакІуэ цІэрыІуэр, зи усэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым ис дэтхэнэ зыми ищІэ цІыхур зэрыщымыгъупщэм папщІэ. Апхуэдэу сэ абы сехъуэхъуащ езым итха романым ипкъ иткІэ «Графиня Аиссе» фильмыр зэрытрахамкІэ. А фильмыр къэрал псом щагъэлъагъуэу щІадзащ дызэрыт илъэсым и щэкІуэгъуэ маззм. Роль нэхъыщхьэр абы щегъэзащІэ театрымрэ киномрэ я актрисэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щалъхуа Мамрэш Светланэ. Аиссе гуащэм и сабиигъуар гъэщІэгъуэну фильмым къыщигъэльэгъуащ Адыгейм щыщ Екъэлъэ Даянэ.

Исхьэкъ сэ къысхуиІуэтэжащ езым и тхыгъэм къытращыкІа фильмыр зэрытраха щыкІэр. Дэ дытепсэлъыхьащ дэтхэнэ лъэпкъми и щэнхабзэр Урысей лъэпкъыбзм щыпсэухэм я зэхуэдэ фІыгъуэу зэрыщытым икІи ар хъумэным мыхьэнэшхуэ зэриІэм.

Апхуэдэу сэ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ фІыщІэ хуэсщІащ Урысей щэнхабзэм зегъэужьыным и лъэныкъуэкІэ куэд зэрилэжьам папщІэ икІи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэси 100 ирикъуащ» медалыр естащ. Фигу къэзгъэкІыжынц абы и зэфІэкІым хуэфащэн пщІэ зэригъуэтар - ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм абы 2019 гъэм «Урысей Федерацэм ЛэжьыгъэмкІэ и Лыхъужь» дыщэ медалыр иритащ.

Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм сэ сехъуэхъуащ узынщагъэ быдэ иІэну икІи Урысейр егъэфІакІуэным хуэгъэзауэ творческэ лэжьыгъэшхуэ илъэс куэдкІэ иригъэкІуэкІыну», - итщ КІуэкІуэ Казбек и телеграмм-каналым.

Адыгэлі цІэрыІуэм хуэзащ

Фильмым теухуауэ жиІащ гъащІэм къыщыхъуа Іуэхугъуэхэр абы лъабжьэ зэрыхуэхъуар. Ар зытеухуари адыгэ пщащэ Аиссе, Франджым и тхакІуэ ЦІрыІуэ Шарлоттэ-Элизабет Аиссе де Ферриоль хъуаращ.

- «Ракурс», «Орёл» кинокомпаниехэм фильмыр Адыгэ Республикэм, Санкт-Петербург, Истамбыл, Франджым, нэгъуэщІ щІыпІэхэми щытрахащ. Нэхъыщхьэращи, роль нэхъыщхьэр фильмым щызыгъэзащІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, «Гоголь центр» театрым и артистхэм Мамрэш Светланэщ, - жеІэ Мэшбащ Іэм. – Къэрэшей-Шэрджэсми, Тэтэрстанми, нэгъуэщІ щІыналъэхэми я ролым щыджэгунгур къыщалъхьуащ. Уэрэджы Іакі уэ Алсу хагъэхьэныр къыхалъхьат, арщхьэкІэ быдэу сыуку ЪудиящІ, а ролыр Іэмал имыІэу адыгэ пщащэм лъагъэсыну. ИкІи апхуэдэу хъуащ.

ИлъэсипщІ ипэкІэ къыхалъхьа жэрдэмыр - Мэшбащ Іэм и тхыгъэм «Графиня Аиссе» фильмыр къытращыкІыныр – иджы къеХъулІащ, фильмым и продюсер, псапащІэ, Адыгэ Республикэм и етІуанэ Президентуц щыта Щэумэн Хьэзрэтрэ спонсорхэмрэ я дэІэпыкъуныгъэкІэ. Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ республикэхэм я кинотеатрхэм «Графиня Аиссе» фильмыр щІэупщІэ иІэу щагъэлъагъуэ. Фильмым и режиссёрыр УФ-м гъэзэджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Муратов Александрщ. Сценарийр зытхар ВГИК-р къэзыуха Сасинэ Маринэщ.

Фильмым еплъахэм жаІащ лъагъуныгъэм, къабзагъэм, хьэл-щэн дахэхэм я щапхъэ щызыгъэлъэгъуэ адыгэ пщащэм теухуа гъэжьагъэр ягу зэрыдыхьар икІи Мэшбащ Іэ Исхьэкъ лэжьыгъэм ехьэлІа упщІэкэр ирата нэужь, узынщагъэ, дэржэгъуэ иІэну ехъуэхъуащ. Къужьыпапхъощ, «Графиня Аиссе» романыр 2008 гъэм - урысыбзэкІэ, 2016 гъэм – къэрыпыбзэкІэ зэрызэрадзэкІар икІи Сириием, Иорданием, Израильым щыпсэухэм я деж абы щІэупщІэ ин зэрыщиІэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Тхыдэр зи лъабжьэ фильм купщІафІэ

Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгуапІэм дыгъэгъазэм и 16-м япэу утыку къыщрахьащ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цІыхубэ тхакІуэ, УФ-м ЛэжьыгъэмкІэ и Лыхъужь, СССР-м, Урысей Федерацэм, Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтхэм, Шолоховым, Островскэм я цІэкІэ щыІэ литературэ саугъэтхэм я лауреат Мэшбащ Іэ Исхьэкъ и тхыдэ романым къытращыкІа «Графиня Аиссе» фильмыр. Ар ягъэлъагъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм я къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щІыхькІэ.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин,** къыщэхуэсахэм я Іэгуауэм щІэту, утыкум иригъэблагъащ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ, КъБР-м и цІыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкІэ уполномоченнэ, тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, КъБР-мрэ КъШР-мрэ щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Зумакулов Борис**, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ І **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** сымэ.

- ПщІэ зыхуэтщІ ди нэхъыжьыфІ, фІыуэ тлъагъу тхакІуэ, ди Лыхъужь Мэшбащ Іэ Исхьэкъ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къыбгъдэкІыу фІэхъус гуапэ изох икІи фІыщІэ хуэзощІ эмэн къигъуэту къыхэзрытхуеблэгъам, «Графиня Аиссе» фильмым деплъыну Іэмал къыхэзрыдитам папщІэ! - жиІащ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд. - Адыгэ, урыс щэнхабзэхэм тхыдэр зи лъабжьэ фильмым хуэфащэ уваІэ зэрыщаубыдынум щэч къытесхьэркъым. Пэрэкъым узэрыдиІэм, узэрыщыІэм дрогушхуэ! Узынщагъэ, ехъулІэныгъэ куэд уиІэну ди гуапэщ!

- Куэд щІауэ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ и лэжьыгъэхэм сыкІэлъоплъ икІи илъэс куэд щІауэ дызэныбжьэгъуу дыкъокІуэкІ. 70 гъэхэм Ленинград щекІуэкІа зэхуэсышхуэм Исхьэкъ и зы усэ сыкъыщеджажэ щытащ. Абы щыгъуэщ ди щІыпІэрыщІыхуари. ТхакІуэр илъэс 85-рэ зэрырикъур щигъэлъапІэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэм ящыщу сыхэтыну си насып кърихьэкІащ. Адыгэ лъэпкъыр Тхьэм фигъэпсэу, Мэшбащ Іэ Исхьэкъ хуэдэ щІыху дунейм тыгъэ зэрыхуэфащІамкІэ! – жиІащ Зумакулов Борис.

Мэшбащ Іэ Исхьэкъ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ балъкъэр усакІуэ, зи тхыгъэхэр дуней псом щызэпхъ Кулиев Къайсын и илъэси 105-м иращІэкІа гукъэкІыж пшыхьым зэрызэхуишэар.



КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапл Іэм къызэритамкІэ

Къуршхэм щыщІымахуэ дыдэщ

КІуэкІуэ Казбек иджыблагъэ Іуащхьэмахуэ районым щыІащ икІи туризмэм и Іуэхущ Іапл Іэ щхьэхуэхэм я лэжьэкІэр къипщытащ.

«ПАСЭУ уэсышхуэ къызэресам и фІыгъэкІэ мы гъэм зы мазэкІэ нэхъ пасэу къызэІуахащ бгы-лыжэ спортыр фІыуэ зыпъэгъуэхэм я щІымахуэ зыгъэпсэхуГуэ лъэхъэнэр. Иджы Іащхьэмахуэ и джабэхэм зэпымыууэ щІыху Іув щыІэнущ дызыхьыхьэну илъэсым и гъэмахуэкум нэсыху. А зэманым къриубыдэу Іуащхьэмахуэ лъапэ щызэблэкІыну туристхэм я бжыгъэр зы мелуаным нэсыну къаІытэ. «Кавказ.РФ» акционер зэгухьэныгъэм щыгъуу дз иджыпсту долэжь илъэс хъурейм лажьэ куроурым и иджырей инфраструктурэр зэтегъэуВэным икІи туризмэм и Іэхутхъэбзэхэм я фІагъыр зэманым къигъэувхэм нэгъэсыным», - къыщигъэлъэгъуащ щІыналъэм и унафэщІым и телеграмм-каналым.

Іуащхьэмахуэ туризмэмкІэ и Іуэхущ Іапл Іэхэм лыжэкІэ къыщажьых гъэгуу 8, щыгуэм зэрыдэкІуэй кІапсэ гъэгуу 2 къахэхъуэнущ. Ахэр 2023 гъэм къриубыдэу ЪхэзыгъэкІ ящІыну я мурадщ. Иджыпсту мыбы кІапсэ гъэгуу щы, лыжэкІэ къыщажьых гъэгуу зы щолажьэ. «Ахэр нэрылъагъуу къыдэмэщІэкІыу хуежьащ хьэщІэхэм зэпымыууэ къаІэзрыхэхъуэм къыхэкІыу», - къыхигъэщхьэкуКІащ КІуэкІуэ Казбек.

ЩІынальэм и Іэтащхьэр еплъащ автомобиль 800 зытехуэну гъэувпІэр щІын зэраухым. А щІыпІэм щегъэжьауэ Азау хуейм нэс тритхэр пщІэнщэу зэшІэну автобусхэр зекІуэнущ. Автомобиль гъэувпІэм къыщызэІуахынущ медицинэм и Іуэхущ Іапл Іэ, шхапІэ. «Мыбдеж щежьэнурэ туристхэр курортым и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм кІуэнущ. Автомобиль гъэувпІэр сэбэпышхуэ хъунущ зыгъэпсэхуакІуэхэр щынэхъыбэ дыдэ лъэхъэнэм транспортыр тэмэму зекІуэныкІэ»,- къигъэлъэгъуащ КІуэкІуэ Казбек.

Иджыпсту лэжьыгъэшхуэ йокІуэкІ Азау хуейм къыщежьэ канализацэ коллекторыр хуэздиныкІэ. А инженер ухуэныгъэр Эльбрус жылагъэм нагъэсынущ икІи посёлкэм псы фІейр къыздэсыщІ и бжьамийхэр абы хагъэхьэжынущ. Лэжьыгъэхэр 2023 гъэм къриубыдэу яухыну я мурадщ. Апхуэдэу Эльбрус посёлкэм и участкэ сымаджэщыр зыщІэхэри щІэгъэхуэбжьауэ мэлажьэ. Абыхэм блынхэр зэтралъхьащ, иджыпсту унащхьэр къыралъхьэу щІадзащ. Мы Іуэхущ Іапл Іэри дызыхьыхьэну илъэсыщІэм криубыдэу хьэзыр ящІынущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапл Іэм къызэритамкІэ

ДэІэпыкъуэгъуэхэр куэд мэхъу

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иджыблагъэ яхуэзащ я щхьэ Іуэхукі Іэ къекІуэлІа цІыхухэм. Абыхэм къаІэта лъэпкъэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ япкъ иткІэ республикэм и унафэщІым зыхуэфащэ пщэрылъхэр Іэнатіэ щхьэхуэхэм яхуигъэуващ. Псом япэу дэІэпыкъуныгъэ иратынущ унагъуэ нэхъ хуэмыщІахэм.

АДМИНИСТРАТИВНЭ, унагъуэ Іуэхуэхр дэгъэкІыным теухуауэ КІуэкІуэ Казбек зыкъыхуагъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу дзэ операцэ хэхар езыгъэжьІуэкІхэм яхэт зауэлі щхьэхуэхэм я унагъуэхэм. Абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и унафэкІэ зэпымыууэ я япыщІауэ щытынущ муниципалитетэм я пашэхэр. Апхуэдэу дэІэпыкъуныгъэшхуэ цІыхухэм иратынущ «Дызэщыгъуащ» волонтёр центрым щыщхэм.

Зауэм и лъэужьхэр ноби хэгъуэщэжакъым

Тэрч щІыналъэм къыщагъуэтыжа, Дзэ Плъыжьым хэта зауэлІхэм я хьэдэ купщхьэхэр Дей къуажэм дэт къушыхьэм щыщІалъхьэжащ. Партизан 11-м я хьэдэхэр щІэлъхьэжыным хуэгъэза пэкІр къыззрагъэпэщащ щІыналъэм и унафэщІэм, жылагъэ зэгухэныгъэхэм, ДОСААФ-м, Юнармием, Урысей гвардием, «Альтаир» Урысей географие щІалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм.

ТЭРЧ щІыналъэм и администрацэм и Іэтащхьэ Дадэ Иуэед къыщыпсалъэм къыхигъэщащ къэлъыхуэныгъэ Іуэхуэхэм хэтахэм фІыщІэ ин зэрахуищІыр, абыхэм Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я цІэр мыкІуэдыжьын, ящымыгъупщэн папщІэ лэжьыгъэшхуэ зэрагъэзащІэр.

- Хэку зауэшхуэр ди текІуэныгъэкІэ зэриухэр илъэс 77-м щІигъуами, абы кІуэда зауэлІхэр ди къэралым къэгъэтыжьын, апхуэдэуи, щІэпІэхьэжьн иухакъым. ЩІэн хэлъкъым зи хьыбар ямыщІэ зауэлІхэм я къуэрылъхуэхэм, абыхэм я бныжьхэм ноби ахэр къызэралъхьуэм. Абы ехьэлІауэ Іуэхуэхэр пщэрылъ зыщщэщІыжьахэм ялэжьым и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэнщ. Ноби Тэрч щІыналъэм щыщ ди щІалэхэр фашизмэм пэщІэтщ. Ахэр лІыгъэ яхэлъу Украинэм щозауэ, - къыхигъащІащ абы.

Урысейм и КъэлъыхуэныгъэщІэ зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Попетэ Андрей къыхигъэщащ «Кавказ гъунапкъэ», «115-нэ шуудзэ», «ЦІыхубэм ящыгъупщакъым» къэлъыхуэныгъэ гупхэм къагъуэтыжа краснаармеецхэм я къупщхьэхэр зэгъэсу зы щІыпІэм зэрыщыщІалъхьэнур. Красноармеец зи хьэдэ къагъуэтыжахэм ящыщу къащІыжкащ Осипов Николай Антон и къуэр. Апхуэдэуи, абы и благъэхэмрэ и Іыхьлыхэмрэ зыпащІэну яхузэфІэкІащ икІи ахэр мыгувэу сэлэтхэм я къащхьэм кърагъэблагъэнущ.

«ЦІыхубэм ящыгъупщакъым» къэлъыхуэныгъэм я унафэщІ Къарэжь Казбек жиІащ абы и къуэдзэ Мосалев Владимир Урысейм и ФСБ-м и гъунапкъэхуэмэ управленэу КъБР-м щыІэм къыбгъэдэкІ фІыщІэ къызэрыратар. Гупым хэтхэм ди зауэлІхэр къэгъуэтыжьыным ехьэлІауэ хуэзфІэкІыр зэралэжьыр, дяпэкІи а Іуэхум зэрыпащэнур Къарэжьым къыхигъэщащ.

ЗэІущІэм и кІэухым, къуажэ Іимамым къызэхуэсахэм дыІуэ яригъэщІа нэужь, зауэлІхэр щІалъхьащ, къъащхьэхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

Къалэм и псей нэхъыщхьэр къызэІуах

КъБР-м и Правительствэм и гупэм къит Зэгурыіуэныгъэм и утым щагъэува псей нэхъыщхьэр дыгъэгъазэм и 17-м сыхьэт 19-м къызэІуахащ. Налшык къалэм щыпсэуэхэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ я пащхьэм гукъинэжу зыкъыщагъэлъэгуащ театр гупхэм. Махуэшхуэр къызэрагъэпэщащ къалэм зегъэужьыныкІэ «Платформа» институтымрэ Налшык къалэ администрацэмрэ.

ХАБЗЭ зэрыхъуауэ, къалэм и псей тхьэлъхудыр къыщызэІуахым утым щІыхушхуэ зэхуишэсащ. Сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я нэгу зрагъэужьащ республикэм и Ныбжьыщ Іэ театрымрэ Дон Іус Ростов къыкІа «Ларамбл» театрым и артистхэмрэ. Уае Дадэмрэ Уае Гуащэмрэ щІыкІуэм я гъусэу «Псей щІыкІу, къабл!», - зэрыжаІэу, псей дахащэр щхъуэкІэплъыкІэу зэщІэлыдащ, зэхьыхьэм кърихьэлІахэр игъэгуфІэу. Псей нэхъыщхьэр плъыфэ зэмылІэужьыгъуэу щыщІагъэнам, сабийхэми балигъэми я нэгум кърих гуфІэгъуэр уасэншэт! Илъэсыщ Іэм сыт щыгъуи телъыджэ пэплъэ щІыкІуэкІэ и Илъэсыщ Іэпежьэр хуагъэдэхащ Уае Дадэмрэ Уае Гуащэмрэ, щыгъэсэм къыхэщ, фІыуэ ялъагъу лІыхъужьхэм я фащэхэмкІэ хуэпа артистхэм. КърихьэлІахэм я гукъыдэжьр къызэралэтам, къызэрагъэфам, зэрагъэджэгуам укІэлыплъыну гухэхъуэ. ЗэрыщІыІэми емылъытауэ, сабийхэр зэпеуэхэм я зэфІэкІ щеплъыжащ, куаижьхьэр къащІащ, илъэсыщІэ уэрэдзэр зэдыжьащ.

Къыжьыпапхъэщ, дыгъэгъазэм и 15-м ирихьэлІэу къалэм и утыкум уэрамхэмрэ псей 25-рэ зэрыщагъэувар. Ахэр гъэдэхэным ныбжьыщІэхэр жыджэру къыхащащ къалэм и курыт еджапІэхэм я еджакІуэхэр. Ныбжьыщ Іэхэм езырезыру я Іэкіэ игъэхъэзыра шархэр, саугъэтхэр щІэщыгъуэ хъуащ. Псейхэр еджакІуэхэм зэрагъэдэха шархэм щыбобгъагъу кхъуэщын зыІыгъ бгырыс цІыхубзыр, къыздэфэ щауэмрэ пщащэмрэ, Іащхьэмахуэ лъапэ, лъэпкъ дамыгъэхэр, нарт Іуэрыіуатэм щыщ лІыхъужьхэр, адыгэ къамэхэмрэ къэзырхэмрэ, нэгъуэщІхэри. ЦІыкІуэм я Іэрыкі дэтхэнэми гупытэ хуэфащэщ, гъэщІэгъэнщ. Зэпеуэм хьихьу, къэпщытакІуэ гупым хэтхэм ИлъэсыщІэ псейхэр зэрагъэдахэ хьэпшып нэхъ гурыхь зыгъэхьэзырар къагъэнэІуащ, мы махуэхэм ягъэлъэпІэнущ. ЩІэщыгъуэ нэхъ ящыхъуа хьэпшып щэ бжьигъэкІэ яГъэдэхащ Къэбэрдей уэрамым и лъэс зекІуаупІэм щагъэувамрэ «Кабардинка» къэфакІуэ ансамблым и Іуэхущ Іапл Іэр зыхэт энэм деж щыт псеишхуэмрэ. Налшык къалэм и курыт еджапІэ №33-м деж щагъэува псейри яхуэпэнущ ныбжьыщІэхэм я Іэрыкі хьэлэмэтхэмкІэ.

КъищынэмыщІауэ, хьэрычэт Іуэхущ Іапл Іэ мащІэхэмрэ курытхэмрэ (шхапІэхэр, тыкуэнхэр, хьэщІэщхэр) я Іуплъапіэхэмрэ щІыхьэпІэхэмрэ нэхъ щІэщыгъуэу зыгъэдахэхэри къалъытэнущ. Гъэ къэси хуэдэу, абы къыщыкъжакІуэу къалъытэхэр Налшык къалэ администрацэм игъэпэжэнущ.

БЖЬЫХЬЭ Розэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



Хабзэхэр зэрылажьэ щIыкIэр

● КъБР-м и Парламентым

КъБР-м и Парламентым епха Жылагъуэ советым и зэIущIэ екIуэIакIуа дыгъэгъазэм и 16-м. Ар къызэIуихащ советым и тхьэмадэ Бечелов Ильяс.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ щIыхукъэм я хуитыныгъэхэр хуэмынымрэ жылагъуэ шынагъэншагъэмрэ ехьэлIа хабзэхэр гъэзэщIа зэрыхъэм.

КъБР-м и Парламентым Жылагъуэ шынагъэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтыныжмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Есэнкъуэ Ахьмэд** жиIащ щIыхукъэм я хуитыныгъэхэр хуэмынымрэ жылагъуэ шынагъэншагъэмрэ кьызэгъэпэщыным ехьэлIауэ мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэ 22-рэ зэрыщылажьэр.

- Абыхэм ящыщщ «КъБР-м и зэзыгъэкIуэ хеящIэхэм тепхуауэ» КъБР-м и Законыр. Абы ипкIэ иткIэ, республикэм зэзыгъэкIуэ хеящIэхэм я къулыкъуу 50, суд IэхэущIапIэуи апхуэдизу дыдэ къызэрыгъэпэщ. КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и Унафэщым кьигъэлъэгъуа нэужь, зэзыгъэкIуэ хеящIэхэр КъБР-м и Парламентым щыхах. Ялэу хахмэ, зэзыгъэкIуэ хеящIэр и къулыкъум илъэсищкIэ игъэув, щыхаххьжIкIэ - пIалъэншэу, - жиIащ къэпсэлъам. - 2006 гъэм щэкIуэгъуэм и 3-м кьыдэкIащ «КъБР-м Цыхъум и хуитныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэм теухуауэ» КъБР-м и Законри. Абы делэжьащ цыхъэхэр Iэнатlэкlэ кьызэзыгъэпэщ Iуэхущlапlэхэм я лэжьыгъэм ныкъуасныгъэ куэд хэлъу къэхутати. Аэр теухуат лэжьапIэншэхэр и чэзум учётым зэрамыгъэувым, балигъ ныбжьым нэмыса сабий зиIэ лэжьапIэншэхэм зэрызыщIагъакъуэ ахъшэр зэрырамытым, илъэси 3 - 7 хъу сабийхэм мазэ къэс зэрадэIэпыкъуэ хуагъэувын папщIэ, адэанэхэм ягъэхьа тхыгъэхэм и зэманым зэрыхэмыплъым, нэгъэщIхэми. Мы зэманым комитетыр хоплъэ «КъБР-м юридическэ дэIепыкъуныгъэр пщIэншэу кьызэрыщызэпрагъэпэщым теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 2-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхущ1э» КъБР-м и законым и проектым. КьыщыхэмыщIауэ, федеральнэ законхэм я проектэ 2 дгъэхьазыращ - «Урысей Федерацэм и Граждан процессуальнэ кодексым и 211-нэ Iыхьэмрэ УФ-м административнэ суд Iэхэущхьэмкlэ Кодексым и 244-нэ Iыхьэмрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ законым и проектымрэ «УФ-м и Арбитражнэ процессуальнэ кодексым и Iыхьэ 60-мрэ УФ-м и Граждан процессуальнэ кодексым и Iыхьэ 51-мрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхущ1э» жыхуиIэмрэ.

Къэпсэлъам дыщIигъащ КъБР-м и Парламентым Iэхуитныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ятеухуауэ Правительствэм хухах сыхьэтхэрэм зэрыщрагъэкIуэкIыр, цIыхухэм я хуитныгъэхэр хъумэнымрэ жылагъуэ шынагъэншагъэмрэ теухуауэ Урысейм и Президентым ишэщIа къэрал политикэр и лъабжьэу, адэкIи республикэм и хабзэхэр зэрырагъэфэкIыгъэнур.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм цIыхубз дружинэхэр лажьэу цIыхуитныгъэхэр хуэмынымрэ жылагъуэ шынагъэншагъэмрэ теухуауэ щытыкIэр зыхуэдэм, юридическэ дэIепыкъуныгъэхэр пщIэншэу кьызэзыгъэпэщхэмрэ ар къэгъэсэбэныну хуитхэмрэ, цIыхубз зыхъумэжьныгъэм пыщIа Iуэхухэм.

КъБР-м и Парламентым епха Жылагъуэ советым хэт **Федченко Людмилэ** жиIащ законхэр зэгъэзэхуэным и Iуэхуклэ республикэм и хабзэубзыхуэ орган нэхъыщхьэм и лэжьыгъэм арэзы хуэхъуэрыщIыр, ауэ абыхэм кьыщыгъэпытагъуэхэр зэрагъэзащIэм нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъым хуейуэ кьызэрыгъэпытыр.

КъБР-м и Парламентым щыщIыгъуэ хабзэхэр зэзгъэзэхуэным и Iуэхуклэ республикэм и хабзэубзыхуэ орган нэхъыщхьэм и лэжьыгъэм арэзы хуэхъуэрыщIыр, ауэ абыхэм кьыщыгъэпытагъуэхэр зэрагъэзащIэм нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъым хуейуэ кьызэрыгъэпытыр.

Ауэ абы дыщIигъуащ цIыхухэм зэрыщыщIагъакъуэ ахъшэр зэрырамытым, илъэси 3 - 7 хъу сабийхэм мазэ къэс зэрадэIэпыкъуэ хуагъэувын папщIэ, адэанэхэм ягъэхьа тхыгъэхэм и зэманым зэрыхэмыплъым, нэгъэщIхэми. Мы зэманым комитетыр хоплъэ «КъБР-м юридическэ дэIепыкъуныгъэр пщIэншэу кьызэрыгъэпытагъуэхэр зэрагъэзащIэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 2-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуклэ» КъБР-м и законым и проектым. КьыщыхэмыщIауэ, федеральнэ законхэм я проектэ 2 дгъэхьазыращ - «Урысей Федерацэм и Граждан процессуальнэ кодексым и 211-нэ Iыхьэмрэ УФ-м административнэ суд Iэхэущхьэмкlэ Кодексым и 244-нэ Iыхьэмрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ законым и проектымрэ «УФ-м и Арбитражнэ процессуальнэ кодексым и Iыхьэ 60-мрэ УФ-м и Граждан процессуальнэ кодексым и Iыхьэ 51-мрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуклэ» жыхуиIэмрэ.

Къэпсэлъам дыщIигъащ КъБР-м и Парламентым Iэхуитныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ятеухуауэ Правительствэм хухах сыхьэтхэрэм зэрыщрагъэкIуэкIыр, цIыхухэм я хуитныгъэхэр хуэмынымрэ жылагъуэ шынагъэншагъэмрэ теухуауэ Урысейм и Президентым ишэщIа къэрал политикэр и лъабжьэу, адэкIи республикэм и хабзэхэр зэрырагъэфэкIыгъэнур.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм цIыхубз дружинэхэр лажьэу цIыхуитныгъэхэр хуэмынымрэ жылагъуэ шынагъэншагъэмрэ теухуауэ Урысейм и Президентым ишэщIа къэрал политикэр и лъабжьэу, адэкIи республикэм и хабзэхэр зэрырагъэфэкIыгъэнур.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм цIыхубз дружинэхэр лажьэу цIыхуитныгъэхэр хуэмынымрэ жылагъуэ шынагъэншагъэмрэ теухуауэ Урысейм и Президентым ишэщIа къэрал политикэр и лъабжьэу, адэкIи республикэм и хабзэхэр зэрырагъэфэкIыгъэнур.

«Цыхуэ зэпIэзэрыт» псалъэхэм я мыхьэнэ нэхъыбIэ дыдэхэр зи гъащIэми зи IуащIэмкIэ щыIэхэм ятеухуауэ тхакIуэ ахъырзэмант Хьэпущ Мурэед. Дэнэ ущыуходзэми зэрыгъуэгъащ, къыщыгуфIыкI, иужьрейуэ щылэжьа «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэм Iуэхуклэ щIыхьамэ, гуапэ къыпIущIэу ущIэкIуар пхузэфIэзыгъэкI цIыху жэфIэгуфIэт. Ахъуэдэущ ар ди нэгу щохьи къызэрыщIнар...

ХьэIупщы Мурэед Тlалэ и къуэр Батъсэн районым хыхьэ Къултъкъужьи Ищхъэрэ къуажэм 1952 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м кьышалъхьуащ. И журналист лэжьыгъэм жыжьэ кьыщыщIидзат Мурэед, дзэм кулыкъу щыуцIэу Ленинград дзэ округым кьыдигъэкI «На страже Родины» газетым абы и тхыгъэхэр тригъадзэу щытащ. Мурэед абы щыгъэми псэухукIи цIыху жиру щытащ, арацу щыIэ щIыхь зиIэ, ар зыпэрэгъа, и дек и корреспондендзэкIэ итхыуэр редакцэм иригъэхьыну щыхуэнэстэр. Мурэед ирагъэблагъат военкорхэм я Iэзэгъэм щыхагъахьуэу редакцэм щыIэ школым. Ар фIы дыдэу кьиуэри, военнэ журналистхэр щагъэхьэзыгъу СССР-м щыIа аджачIэхэм. Я кIэн пажэу щыта, Львов кьалэм дата военно-политикэ училищэм экзамен имыту щIагъэтIысхьэну тхьилъ кьратат. АрщхьэкIэ и хэку кьигъэзэжмэ нэхъ кьищтащ кьыIэзыжкIам хуэпэж, жьы хуэ адэ-анэм кьахуэпабгъэ адыгэ щIалэм.

Дзэ кулыкъуэр фIыдыдэу къуэзыхьэпIа Хьэпущыр КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым щIэтIысхьащ. Анэдэлъхубзэм хуиIэ лъагъуныгъэ иджыри кьэс игафIэ гурыщIэкэр сэтей кьэхъуу хуожьэ. АбыкIэ, шэч хэмылъу, щIэтэ-кьуэн кьэхуохьу адыгэбзэм, литературэм студентхэр зэрыщIаджэ щIыкIуэ хьэлэмэтыщхэр. Уэсхэр, Iуэтэжьхэр итхыу щIедзэ, урыс тхакIуэхэм я тхыгъэ кIэщIхэр адыгэбзэм кьрегъэтIасэ. Абыхэм ящыщкэр, тхылъыщIэхэм яхуитха рецензэхэр газетым кьытохуэ, радиокIэ кьат. Тхэн щIэзыдзэ щIалэгъуалэм пащIэ ТхакIуэхэм я сокоэзм иригъэкIуэкI семинархэм ирагъэблагъэ, абыхэм нэхъыфIу кьищалъэта и тхыгъэхэр «Iуащхьэмахуэ» журналым къытредзэ. Къалэмыр Iэпэгъу зыхуэхъуам и дежкIэ мы-дащ. АрщхьэкIэ текIуэныгъэ нэхъыщхьэр щызыIэригъэхьар Куржым и кьалащхьэ Тбилисиу. Арат щызэхэтар Къуажэ спортсменхэм я сокоэзм зэхьэзэхуэр. Щхьэзэкъуэ зэпеуэм кьищынэмыщIауэ, абы щызэныкъуэкъуэнут гупхэр. Сытым. Анэдэлъхубзэм хуиIэ лъагъуныгъэ иджыри кьэс игафIэ гурыщIэкэр сэтей кьэхъуу хуожьэ. АбыкIэ, шэч хэмылъу, щIэтэ-кьуэн кьэхуохьу адыгэбзэм, литературэм студентхэр зэрыщIаджэ щIыкIуэ хьэлэмэтыщхэр. Уэсхэр, Iуэтэжьхэр итхыу щIедзэ, урыс тхакIуэхэм я тхыгъэ кIэщIхэр адыгэбзэм кьрегъэтIасэ. Абыхэм ящыщкэр, тхылъыщIэхэм яхуитха рецензэхэр газетым кьытохуэ, радиокIэ кьат. Тхэн щIэзыдзэ щIалэгъуалэм пащIэ ТхакIуэхэм я сокоэзм иригъэкIуэкI семинархэм ирагъэблагъэ, абыхэм нэхъыфIу кьищалъэта и тхыгъэхэр «Iуащхьэмахуэ» журналым къытредзэ. Къалэмыр Iэпэгъу зыхуэхъуам и дежкIэ мы-

ТхакIуэ, журналист Iэщ1агъэхэм хуэпэжа

ХьэIупщы Мурэед къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу

хьэнэшхуэ иIэщ и нэIэ къытезыгъэтын, тхэным тезыгъэгушхуэн иIэнар. Абы и лъэныкъуэкIи и насып къикIат МурэедI. «Iуащхьэмахуэ» журналым проззмкIэ и кьудамэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ щыта уэсакIуэ, тхакIуэ, драматург Мысэчэ Пётр адзэм хуэщIыхьыщIатащ абы. Иужькlи ныбжьэгъуфIу, чэнджэщэгъуу иIащ. Уеблэмэ университетыр кьащIиухьи и диплом лэжьыгъэр зытриухуар Мысачэм и Iадакъэщlэкlэхэт.

Университетыр кьиуха нэужь, ХьэIупщы кьыщалъхуа кьуажэм дэт курыт щIыхьым бзэмрэ литературэмрэ щIригъаджащ. Журналист Iэщ1агъэм зэрыщIэхъуэпсыр къытекIуэри, куэд щIауэ здрагъэблагъэ радиом кIуащ. Абы щIалэ 1981-1991 гъэхэм. «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондентуи щытащ. Къэбэрдей ТхакIуэхэм я сокоэзым чэнджащэу, жэуап зыхь секретарыу щытIащ. 1997 гъэм «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэм кIуащ, ятэщIыкIэ публицистикэмкIэ кьудамэм и унафэщIу, нэхъ иужькIэ жэуап зыхь и секретару. 2018 гъэм дунейм екьужьыу ар а IэнатIэм гэрыгъащ.

ХьэIупщы Мурэед Урысейм и Журналистхэми, Тхакlуэхэми я сокоэхэм хэтащ. А Iэщ1агъэхэр зэпэгъунэгъуми, абыхэм зэщхьэщыкIыныгъэхэри яIэщ. Тlуми кьалэн кьыщащIэхэр зэгъусэу ирихьэкIыну хуэзэфIэкIыпт ХьэIупщым. Абы журналым и напэкIэуцIхэм хуиIэгъэкIуэкIыкIыр нэхъыбIэу кьагъэсбэрт. Ар зыпэрэгъа, «Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь Iэнатlэм срагъэблэгъащ. Иджыпстуи сыщIэсщ ар щылажьа пэшым. Уэсят кьыхсуищIа пэлъытэу, пэшым кьыщIэна тхыгъэ мащIэхэм яхэлът МурэедI и новеллэ зыбжанэ. IэпхэтхэкIым, компьютер кьыщIэтащ. И щыхуэкъэм я деж сыщыщIэупщIэм кьызжаIащ зы тхылъ игъэхьэзыру «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм ихьауэ зэрыщIэлъыр, иджыирей гъащIэм и лъэныкъуэ псори кьыщIэгъэлъауэ кьыщигъэлъэгъуэ роман зэритхэр. Шэч хьэпсэртэкъым а новеллэхэр тхылъым зэрыкьигъэжьам. АрщхьэкIэ илъэсипIл дэкIащ ХьэIупщы дунейм зэрехьэкрэ, тхылъыр иджыри кьыдэкIакъым. ЦIэрыIуэ хъуа «Хьаджэт и кьафэ», «Хуэрэджейр мэгъаръэ», «ЦIыхэкIэ», «Куэжэ лIыжьхэр» новеллэхэр зи псалъэм ящыщ ХьэIупщы Мурэед техуэ мы тхыгъэхэр «ГукъэкIыжь» зыфIиIуа новеллэр гъусэ щыIыхьэсщIакIэ абы нэхъыфI имыIэу арыахуэ, атIэ зэи зыщIпIи зэрыгъэрамыдзарщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

ГукъэкIыж

Новеллэ

Бжьыхьэкlэ пэтми, мхуэр хуабэт. Си къуэрылъху цIыкIум сежьэу тетIысхьэпIэм сытет.

- Дадэ, дадэ, быгуаэсэ тетIысхьэпIэм ящыщыслэпIакъым. Ноби укъыслэпIэнкъуэ? «Тху» жиIэ куэдIей ноби къэсхьнущ, дадэ, къысспIэлъэ, - итт си тхьэкIумэм Жусыпэ цIыкIу и макъ жьгъырур. Си ныбжьэгъуи и фэр есплъыпт, абы нэхъыфIу слъагъу си къуэрылъху-пчъурылъхуэм яхэттхъжьам. И цIэр фIэзыщIарэ сэрат.

- Сыножьэнщ, тIасэ, - сэ ар къэзгъэгуГащ, махуэ зыгIыщ хуэуэу сыгъуэкIыщ1ыжьу сыхэлъ пэтми.

- Сэлам алейкум, - кьыIухьащ IIы мыщIыкIуэр. А макъыр зэгъэр зэхэсхуэу кьыщысщIхуэщ. Ауэ щызэхэсхар кьыслхуэщIэжьыртэжьам.

- Уалейкум сэлам, - сыкъэтэджащ. Сызылъхьэуэ упщIэм и жэуапыр кьущыщIхьэхуэу абы и нэгум сипIащ. И нэкIыри си цIыхуэт. Дэнэ ар щысльэгъуар? Дэнэ?

- Урысбий Хьэжбатэх я унэр мыра? – кьэIуащ псэхуп1э кьызэзыфмэт макъ нэIуэсэр. Гупсысэ кум сыкъэзэрыхьати, абы зэуэ жэуап схуетыжьакъым. Мыдрейм си гурыгъу-гурыщIэр нэхъри игъэбатэу и псалъэм адэкIэ пищащ: - Уэ, у-Урысбий Хьэжбатмэ, сэ сыщIэкIуэщ. ЩIалэ цIыкIуэм сеупщIати, уэрауэ кьыщэжаIащ. Хьэтыкъуей кьуажэм жэнаэз щыIэщ. Мудар Елмырзэ тхьэмыщкIэр щIалъхьэнущ. Е сыщIыуамэ...

Абы и псалъэр Iэпызудри, ерагъыу кьыдэсшеящ:

- ЗдэкIуар тыншыкIэ тхьэм щищ, - фIыкIуэ сIыгъагъ, къуэш сызыщIа си ныбжьэгъур зэрыщымыIэжьи си гум ешыкъыпIащ.

- Тхьэм жиIэ, - тауэлмэщIу кьызэпIащ щхьэкIуэр. Абы кьыстриубыда и нитIым сызэрыщIэпIъэу си лъэр щIыщIащ... ... Жэщщ. Гъэмахуэ жьы щабэр нэкIым гуапэу тольщIыжьы, тIасхъэщIэх дыздэкIэм ажалыр лъэбакъуэ хэщ кьызэрытхуэпIлъэр зы тэмIий нэхъ мыхъуми тщхъэщихуэу ди гур мамыр ищIыну хущIэхъуу.

Дызытет лъэс лъагъуэр псы Iуфэм хуэкIуэу ехырт. ЖьыжьэрпIлъэу псыр дымыIалъэуми, и макъымкIэ ар гъунэгъу зэрытхуэхъур кьатщIэрт. Дыгъуэщащхьм. Командирым картэкIэ дигъэльэгъуа псым дикIри адрей Iуфэм кьыIут мэзым дыхьэхащ. Ди къакъуэжэр уэшх нэужьым мыжжэпхьажа щIым пэтми, Iуфэм и гъунэгъу дыхуэхуэм ящIэ кIащхъэ, нэхъ цIырхъ хьырт. Абыкlэ кьидэ нэхъ закъуэтIакъуэр мэз кIыфIым Iыапэрапэу кьыхуеIэрт. Мэз гъунэм кхъуейхьэлIпэу кьыдекIуэкI гуэлым ар тецIуукIырт, гущIэр пIейтей ищIу.

- Дыгъуэщащ, - жиIащ Жусыпэ жьг кьуэрыам кьуэту кьуажэмкIэ пIлъэрэ, - гуэлым и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ дыкьыщIэхуэтащ. Дэ дыкьыздыпхъэн хэщ и зэмыгурабгъу лъэныкъуэрт.

Абы кьыщIтпэплъэн хуэйт кьуажэм дыдэзышэн цIыху. Ар махуитI итпэкIэ кьагъэкIуат.

Мэзым дыкьыхэзмыкIыу сэмэгурабгъумкIэ дунэтIыжащ. Жусыпэ хэзыдыркъуэкъ мэхъ зищIри абы ещхьку джащ. Арат дыззрызэрыщIэн хуэйр. Кlэд дэмыкIыу апхуэдэ макъкIэ тIпмэжьжьжьу кьыщIидзжащ. МышIыхьи и ужь дригъэузэри дришэжьащ. Абы фурашкIэ фIыцIэ укъуеи текIыжа щхьэрыгъэсат, хуэбжьхуу плащ кIыхь щыгът. Плащым и фэри дызышэм и тепIэри жэщ кIыфIым кьыхэщIыхукIыгъуейт. ЩIалэм и щIыбым сипIэжу, зызыхэхкIыр сымыщIэу, си гур гуэзавэрт, хуэжьэм гъунэгъу дыхуэхъуху, кIыр пэтми кьыспсэрыхьэу щIэзыдза гуэзвэгъуэм нэхъри зиIэтырт, Iэнкъпсэгъэхьэр хьэпсэ дэхъуу.

Жусыпэ зыри жиIэртэкъым.

«Дыкъэсащ, - зэпиудащ си гупсысэр си япэ итыми. – Фы-мыIэуэльауэу дыкьыщIыхьэ».

Пэш пхьэтшэ Iэзэвгъэзэв щIыкIум дыкьышIэхута нэужь, си гур мамыр хьужащ. Абы гуэлъпIапIт щIэтт, хуэфащэ текIэнщIэлъын ярылъу. ПIланэрэм бдджыхьэ кIэрищIэжауэ урыс пэшхьэку дэтт. Унэм нэгъэщI зыри щIэтэкъым. Сэ си гум къэкIам сриукIытэжащ. Хьарзынэу Жусыпэ зыкьэзгъэщIатэкъым. А гупсысэм сыщIауспкIэу Iэфы сыIуриихащ.

Ауэ пщэдджьыкъым си гур гуэзавэу лъэ макъ гуэрым сыкьыдэушащ. Сыкъапльэмэ, Жусыпэ и нэкIум лъэ кьежэхьу щIадзэу, и Iэр япэину хэмыцэ сэлэтищым еныкъуэкъуу щытт. СыкьыщIэтэну сыкъыщIэIэм, кьыстраубыда автоматым натIэкIэ сыжьжьэхуэу.

- Уэхжеящ», - дыкьэшхащ автоматыр кьыстезыуфыдар. Сэ абы и псалъэм сыкъыдэскIащ. Ар дыгъуэпшыхь дыкьэзэшам и макъырат.

- Напэншэ», - кьызжьэдэлъэтащ губжьым сызэщIыуфдыкуэ, адэкIэ жыслэнури сщIэнури сымыщIэжу.

- Зэрыплъагъуэ», - жиIащ абы адэгубзэм кьабзэкIэ. Сэ абы делэм хуэдизу сеплъыащ, зэхэсхар си сфIащ мыхъуу. Гъж дыдэгу, ар дыгъуэпшыхь дыкьэзэшыар арат. Ауэ иджы абы нэмыцэ щыгъын кьыщIылыдыкIыу щыгът.

- Псори тэмэмщ, ущIыуакъым, - жиIащ абы, сыщIеплъыр кьыщIаущ», - уи гъусэм хуэдэу кIэлъэф зумыщIу кьыжьжьэр гъэзащIэ».

Сыт сщIэнт, слъэмыкIыу згъэзащIэ.

... Махуэр зэрыщIэкIыр. Дыгъэ щIыпIэм йохьэ. Ди Iур гъущIащи, псалъэ тхужьIэркъым. Дыгъуащэу ижьырабгъумкIэ дыкьыздыIухьа гуэлым махуэ хэсщ дыблахуэрэ щIыпI абрагъуэ кьыдагъэтI. ЗэрыжаIэмкIэ, абы ди дзэр кьиугъэвыIэн хуейт. ИтIанэ, кьаухъуреихьу абдежьым щызэхакъутэну я мурадт. Ар пэжрэ пцIырэ кьэтщIэну арат Жусыпэ сэрэ дыкьэшIрагъэжьари...

- Псы... псы... афIэкI схуэхьыжьркъым, - Iущащ Жусыпэ.

- Умыпсалъэу нэбакьуэ псынщIэу, - Жусыпэ и щыбым автоматымкIэ кьитIыхьащ пщэдджьжьым «хъыбар» хъарзынэ кьэтхуэзэыхьар.

- Командованэм и унафэр фIыцIэ уогъэзащIэ, МатI. Тхьэр арэзы кьыпIухуэу, - пидзыжащ абы Жысуп хуэму, ауэ пхъашэу.

- Аращ-тIэ, пIалъэкIмэ!

- Хъэбыщыбыщ, МатI, си гугъаклым апхуэдэ дыдэу цIыхуэгъэншэу укъыщIэкIыну.

- Уэрэ, разведчик хахуэм, уи гугъаклым си Iэмыщ1э укъиухэну, тIасхъэщIэхэм сыкъыхэпхужьну ущIелам.

- Ар щIэсщIэр сэ сщIэжьрт, ауэ уэ, напэншэ... - адэкIэ пимыщIэкуэ гущIкI ин зэрыхуящIр и нэгум кьищу Жусып цIыху Iувым хьэхьэжащ. Гуэлым гуэнгъэ дыщIыхуэхьэм, Жусып абдежьэ иунэтIащ.

- Къэгъаззэ, сыноуэнущ! – кIэлъыджащ мыдрейр. Жусыпэ ауи и щхьэр кьриуэнтIэкIакъым.

- Къэгъаззэ, былым! – кIэлъыкIиящ ар нэхъ иныжу.

- Банэ, банэ, хьэ щIыхь, - жиIэри Жусыпэ гуэлым щхьэщIыгъэлъхьащ. И Iупэр щыхуихь дыдэм, автоматыр лъэпIащ...

Сэ Жусыпэ дежкIэ зыздащ.

Жусып, си кьуэщIыжь, сиI...

Аргуэру автоматыр кьызэрыльэлъащ.

Си нэр щыункIыфIыкIри дунейр кIэрахъуэу хуежьащ. Абы иужькIэ куэд дэмыкIыу си тхьэкIумэм зэрыгъэкIий, топышэ, бомбэ кьрадзыхьхэм я макъэр пычахуэ-пычахуэу кьоззэрыхь. Си Iэпкъльэпкъыр щIым иригулIу зыгуэркъэр кьыстощащэ.

ЗыкъыщысщIэжам, си хуэрэгъкIэ щымт. ЩIыр кIэртIофкIэсэж къыщатIам хуэдизу зэстатIащ, - гумбыкIэ щIыр кьридат. Хьэдзкър адэкIэ кьыдэкIэ щызэбгрыдат. Си бгъымкIэ Жусып щылт. Кьыжьи1эну кьригъэжьар зыкъэсщIэжьмэ пищэжьину кьызэжьэ нэхъей, абы и Iупэр зэтехат. Си Iэр хуит кьэсщIыжу ятIэр зыстетхъуну сыкъеIащ. Ауэ си щхьэр унаэзэри аргуэру си нэр щыункIыфIыкIащ.

ЕтIуанэу зыкъыщысщIэжам, илъэсибгъу си ныбжьыр щIалэ цIыкIу кьызыщхьэщысщI. Си IитIыр бинт хужькIэ егугъу япхат. ГъэзлъыпIэм кьыбгъэдэт шэнтщхьэгуэм щIакъуэу Iыхьэфрэ шэ шынакърэ тетт. АбыкIэ сеплъэкIащ. ЩIалэ цIыкIум шынакъыр Iэкlэ иныгъыу лошIэкIэ сигъэшхэну кьиушиящ.

- Хьэр си Iэм кьеуащ, - кьрисыкIащ мафIэм си гур...

ПщIэнтIэпсщIыIэр си нэкIум кьытрикIутащ. Аращ... Аращ... Араща... Си лъэр щIэкIэзызыхьащ...

Шур гупсхуу аргуэру зэпэсплъыхьащ. Сыщыуатэкъым. Си пащхьэ итыр МатIт. И пащIэ-жьакъэ тхууами, и пэр кIэщI хъуатэжьм. Псалъэ дыджэр кьызыжьэдэлъэлъу щыта и Iупэ пащIэр щIыхь хъуа мыхъумэ, нэгъэщI зыхъужькIыныгъэ иIэтэжьм.

- Кьэхъуэкъ, МатI, - жьслащ щыблэм иухъэнщIа жыг кьудамэу Iэпэуамбэ зыпымытыж си IитIыр хуэсшийри. Ар щтIэщтаблэу, и нитIыр кьихуу кьызэплъащ.

- Псори тэмэмщ, МатI,ущыуакъым. Мыращ си унэр...

Ауэ МатI си псалъэм зыри кьыпимыдзыжу Iуигъэжьэрхьэу кIыжащ, гукъэкIыж дыджэжр аргуэру Iэпэгъу кьысхуищIыжри.

Дыгъэгъазэм и 20, *гъубж*

♦ **Цыхуэхэм я зэхъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦ **1760 гъэм** кьалъхуащ адыгэпсэ, урысиедзэм полковникиу кьулыкIу щызыщIа **Хьэпхъущокъуэ Исмахьил-Бей**.

♦ **1944 гъэм** кьалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, публицист, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу илъэс куэдкIэ лэжьа **Пъэлъпащ1э Заудин**.

♦ **1952 гъэм** кьалъхуащ тхакIуэ, журналист, «Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретару щыта **Хьэпущы Мурэед**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаущ щыщIытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2, жьщым щыIэр градуси 5 - 3 щыхьунущ.

Дыгъэгъазэм и 21, *баражьей*

♦ **Илъэсым къриубыдэу махуэр щыIэхъэ кIэщIщ, жэщыр щыIэнхъ кIыхьщ**

♦ **1879 гъэм** кьалъхуащ парт, къэрал лэжьакIуэ, генералисимус, Совет Союзым и ЛIыхъжь, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъжь, 1924 - 1953 гъэхэм СССР-м унафэщIу щыта **Сталин (Джугашвили) Иосиф**.

♦ **1932 гъэм** кьалъхуащ тхакIуэ, щIэныгъэлI **Елмэс Iэуладин**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаущ щыщIытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2, жьщым щыIэр градуси 3 - 2 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар
щхьэщэмыщI иЗэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, бэнэкIэмкIэ Совет Союзым щэнейрэ и чемпион, спортым и мастер Къуэдзокъуэ Анатолэ Тембот и къуэр ди лъэпкъыр зэрыгушхуэ, зэрыгупагэ адыгэлIхэм хабжэ. Спортыр зи Iэпэгъу зи гъащIэр езыхьэкIа нэхъыжьыр «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэфIхэм, и ныбжьэгъуфIхэм ящыщщ. Куэдым ящIэж Анатолэ и хъыбарыфIхэм ди щыналъэр щызэлъащIысауэ щыщыта зэманыр. Къуэдзокъуэм и псэм ноби хэлъщ и гъащIэ гъусэу къекIуэкIа спортыр. Ар нэхъыжьхэм я чэнджэщэгъуэр, нэхъыщIэхэм я унэтIакIуэщ.

БЛЭКIА лIэщIыгъуэм и 50 - 60 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым хуабжу щIэзэу щытащ СССР-м бэнэкIэмкIэ спортым и мастер Къуэдзокъуэ Анатолэ. Тхьэшхуэм кьыхуигъэфащэ пелуан тепIэмрэ зэфIэкIымрэ хуэфащэм IэзагъэбащIыкъуэжа, урыхупс ефа щIалэщIэм и ехьулIэныгъэхэм псори щыгуфIыкIыпт икIи ирипагэрт. Газетхэр, радиор, кьэунэхуэгъащIэ телевиденэр увыIэгъуэ ямыIэу тепсэлъыхьыпт зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ар щIэхьщIэхьуэр зэрыщытекIуэм.

И хьэрхуэрэгуэхэр лъэщми, Къуэдзокъуэр зэпеуэ куэдым щытекIуэрт. Псом хэмыдзэу ар щIепещэт зи щIыхьыр ихьылэ «Урожай» ДСО-м.

Гум имыухьжынщ 1958 гъэр. Ставрополь кьалэм щекIуэкIырт Къуажэ спортсменхэм я сокоэпсо спартакиадэ. Анатолэ лъихэт алыдж-ирым бэнэкIэмкIэ зэхьэзэхуэм килограмм 87-м нэсэ и хьэпсэлъхьэ. Ар нэхъыжьхэм я чэнджэщэгъуэр, нэхъыщIэхэм я унэтIакIуэщ.

Лъэныкъуэ зэригъэзэуэ, мыпIащIэрэ зи Iэпкъльэпкъыр зэрыщIэлъыр зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ар щIэхьщIэхьуэр зэрыщытекIуэм. Iэмал иIэтэкъым. И пщэ гъумым, Iэбыдэлъэбыдэжкъм кьыщынэмыщIауэ, ар сыткIи зэкIужт - лъагэт, дахэт, зэщIэкъуат».

АпэрыгГъуэм кьытехьэну кьыщIадджэм, мыпIащIэуэр, кьыхьащ. Адрей лъэныкъуэмкIэ кьыщыпэплъэрт Армениям кьикIа Спандарян.

Судьям хуит кьызэрищIу, абыхэм зыхэзрапщытащ. И хьэрхуэрэгъум и зэфIэкIыр здыиэнсыр зэримыщIэм кьыхэкIыу Толэ сакьырт. Мыгувэу кьыгурыIуэ узыщыщынэн Iуэхум зэрыхэмылъыр. Ещанэ дакъикъэм кьыщыщIэдзауэ ермэлыбэнакIуэралрыбгъум кьыщIихуэхьIыу щIидзащ, псэхуГъуэ иримыщIэм кьыхэзэхуэ щIагъуэ щыIэхэм: бэнэкIуэхэмрэ тренерхэмрэ зэрацIыху щыIэтэкъым, Iэщ1ачIэлIхэри щыгъаззэтэкъым. «Сэ къэзгъэльэгъуэн хуейт си зэфIэкIыр здынэсыр, си лъэр алъэрыбгъум занщIэу щызэгъэ-

Дыгъэгъазэм и 20, *гъубж*

♦ **Цыхуэхэм я зэхъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦ **1760 гъэм** кьалъхуащ адыгэпсэ, урысиедзэм полковникиу кьулыкIу щызыщIа **Хьэпхъущокъуэ Исмахьил-Бей**.

♦ **1944 гъэм** кьалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, публицист, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу илъэс куэдкIэ лэжьа **Пъэлъпащ1э Заудин**.

♦ **1952 гъэм** кьалъхуащ тхакIуэ, журналист, «Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секрет

ЦІыхубэ усакІуэр ягу къагъэкІыж

● Фэеплъ

КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, СССР-ми РСФСР-ми я къэрал саугъэтхэм, Лениным и цІэр зезыхьэ саугъэтым я лауреат Кулиев Къайсын къыщалъхуа махуэм ирихьэлІэу, гъэ къэси хуэдэу, Налшык къалэм усакІуэм и фэеплъу абы и цІэр зезыхьэ узрамым тетым деж ягу къыщагъэкІыжащ. КърихьэлІахэм яхэтт республикэм и унафэщІхэр, усакІуэм и благъэхэр, Іыхьлыхэр, ныбжьэгъуэхэр, лъэпкъ интеллигенцэр, и усэхэр фІыуэ зылъагъуэхэр.

ЗЭІУЩІЭМ къыщыпсэльахэм къыхагъэщащ XX лІэщІыгъуэм и усакІуэшхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм зэращымыгъупщэр, литературэм, щэнхабзэм я лэжьакІуэхэм я дежкІэ усакІуэр льагалІэу, вагъуэ нэхуу къызэрынэжыр. ЛІэщІыгъуэкІэрэ цІыхухэм зэІэпахыну абы и усэхэр, и псалъэхэр кьахуэщхьэпэнуц цІыхухэм лъагъуныгъэрэ гугъэрэ яІэу гугъуехьхэр къызэранэкІынымкІэ. Абы и щыхьэтщ цІыхубэм лъагъуныгъэ, гущІэгъу зэрахуиІэр, зэпымыууэ гъащІэр мамыру, ефІакІуэу зэрыщытынур и фІэщ зэрыхъур Кулиевым и усэхэм кьаззэрыхэщыр.

Къызэхуэсахэр къэпсэльа, усакІуэм теухуа я гукъэкІыжхэмкІэ зэдзэгуэша нэужь, кърихьэлІахэм Къайсын и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

Кулиевыр къызэралъхурэ илъэси 105-рэ зэрырикъум теухуа зэхыхьэхэм щыпащащ усакІуэр къыщалъхуа икІи щыщІалъхьэжа Шэджэм кьалэм, абы дэт и фэеплъ-музейм. Аращ Къайсын и иужьрей махуэхэр щигъэкІуар, иужькІэ и фэеплъ музей ящыІжар. Музейм щахъуэмэ цІыхубэ усакІуэм къыщІэна щыгъынхэр, тхыльхэр, дэфтэрхэр, сурэтхэр. Музейм къэкІуахэм абы зыщапльхьащ, усакІуэм и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ тепсэльхьащ, и усэхэм къеджащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Кулиевым теухуа зэІущІэ

Кулиев Къайсын и цІэр зэрихьэу Налшык дэт библиотекэм «Кавказым и тхакІуэхэм я клуб» Іуэхущ1анІэм и къудамэм и зэІущІэ Кулиевыр къызэралъхурэ илъэси 105-рэ зэрырикъум хуэгъэпсауэ щекІуэкІащ. Абы и усыгъэм и къарум, хэлъа цІыхугъэ иным и гугъу щащІащ зэІущІэм. Ар иригъэкІуэкІащ «Кавказым и тхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм» и къудамэм и унафэщІ Османов Хьисэ.

- ФЭ зэрыфщІэщи, куэд щІакъым Кулиев Къайсын къызэралъхурэ илъэси 105-рэ зэрырикъур ди щІыналъэм зэрыщагъэлъапІэрэ. Сэри сыхуейт а усакІуэ щІэрыІуэм теухуа си гукъэкІыжхэмкІэ сыздэгуэшэну. Илъэс куэд ипэ «Туркменистан» хьэщІэщым сыщылажьэу, ди деж щыхьэщІэну зы гупышхуэ къеблагъат, абыхэм яхэтт актрисэ цІэрыІуэ Аймедовэ Мае. Ди щІыпІэ дахэхэр егъэлъагъуну къыщызэлъэІуми, сэ ахэр сшат Балъкъэр Ипщэм хыхьэ Уштулу щІыпІэм. Абыхэм ялъагър зэрафІэтелыджэр я зыплъыхьыкІэмкІэ кьапщІэрт. Аймедовэ Мае хуэмышэчу Кулиевым и усэ сатырхэм щыщ къеджащ. ИтІанэ, сэ зыкъыхуигъаазэри, балъкъэрыбзэкІэ Кулиевым и усэ сыкъеджэну къызэлъэІуат. Гупым хэт псоми яфІэгъащІэгъэну къызэдаІуэрт.

- Мы щІыпІэ телъыджэм гъэм и зэманиплІри зэгъуэгу щызэдокІуэкІ. Жэнэт лъахэщ жыхуаІэм хуэдэщ. Мыпхуэдэ щІыпІэхэращ Кулиев Къайсын хуэдэ цІыху инхэр къыщалъхуфынур, - Аймедовэм жиІа псалъэхэр нобэми ІупщІу сощІэж.

АдэкІэ псалъэ ираташ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор **Алъхъэс Светланэ**. Ар къеджащ Кулиевым и усэ цІэрыІуэхэм щыщ зыбжанэ.

Налшык дэт курыт еджапІэ №5-м балъкъэрыбзэмрэ литературэмкІэ щезыгъэдж Абаевэ Сакинат тхакІуэхэм я клубым зэрыхагъэхьам и щыхьэт тхьылъэр щратыжащ а зэхыхьэм. Ар тепсэльыхьащ Кулиевым и Іэдакъэщ1экІэхэр школым зэрыщаджым, ирагъэджэхэм.

ТхакІуэ ныбжьыщІэ Маргъуд Марьянэ Кулиевым и Іэдакъэщ1экІэхэр фІыуэ зэрилъагъум и гугъу здищІым игу кьигъэкІыжащ:

- СыцІыкІуу, си адэм и гъусэу радио дедаІуэу дыздэщысым, балъкъэрыбзэкІэ уэрэд къиту дрихьэлІат. Уэрэд дахэт, си адэми фІэфІу зэредаІуэр нэрылъагъут. ЗэдаІуэр къыгурыІуэрэ-къыгурымыІуэрэ сыщеупщым, къызжиІащ Къайсыным и уэрэд дахэм къикІыр куэдым зэращІэр. Абы щыгъуэ мурад сщІыщ, уэрэдыр къэзгъуэтри, балкъэрыбзэкІэ зэзгъэщІауэ щытащ, - жеІэ Марьянэ.

«Заман» газетым и лэжьакІуэ, тхакІуэ **Мамаев Алий** Кулиевым дильэгъуа хьэлыфІхэм я гугъу ищІащ.

- Зэгуэрым кином дыкІуэну билет къэтщІэхуну щыхуэ Іуфыи щыхьэт, Къайсын ди щІыбагъым зэрыдэтым занщІэу гу лъыттакъым, къызэрытлъагъуу япэ идгъэщІну яужь диха щхьэкІэ, къытхуидатэкъым: «Фэ фи щІалэгъуэщ - зэманри гъэгурри фэращ зейр»,- жиІэри къыдэжьат.

ТхакІуэ **Кудаевэ Фаридэ** къызэхуэсахэм яжриІащ Кулиевыр езым нэхъыфІу илъагъу тхакІуэхэм зэращІащІыр.

ЗэІущІэм и кІэухым клубым хэтхэр арэзы техъуащ тхакІуэ ныбжьыщІэ Бейтуганов Исмаил я гупым хагъахьэну.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

2023 гъэм гу зылъытапхъэхэр яубзыху

КъБР-м щыІэ МВД-м щекІуэкІащ министерствэм дэлажьэ Жылагъуэ советым 2022 гъэм и лэжьыгъэм кърикІуахэр щызэхалъхьэжа зэІущІэ.

РЕСПУБЛИКЭМ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру щыІэ Павлов Василий къызэхуэсахэм защ1ыхуигъаазэм къигъэлъэгъуащ ведомствэм и Жылагъуэ советым хэтхэм я лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр икІи кІыхьигъэщащ щІалэгъуалэм ядэлэжьэным гулъытэ хэха зэрыхуэущІыпхъэр.

- ЗэфІэувэ щытыкІэм дэ нобэ дрехулІэ къытщІэхъуэ щІэблэр гъэсэным, абы кІэлъыплъыным егъэщІылІа Іуэхухэм нэхъ ткІийуэ дыбгъэдыхьэну. Мы зэманым псом нэхърэ нэхъыщхьэр ди къэралымрэ нэгъуэщІ щІыналъэхэмрэ щекІуэкІ Іуэхухэр зыхуэдэр ди щІалэгъуалэм къагурыдгъэІуэнырщ, я Хэкур фІыуэ ялъагъуу икІи я блэкІам пщІэ хуащІу ахэр едгъэсэнырщ. Дэ ди зэхуэдэ къалэнщ ди сабийхэм губгъы-гъагъэу, гупагъэу, ядэтлъагъур тхъымэныр икІи ахэр ягъэбгъуэным хуэдущииныр, ахэр къэралым хуэпэж цІыху хъун папщІэ, - къыхигъэщхьэхуКІащ министрым.

Жылагъуэ лэжьакІуэхэм ящІыгъуу министрыр тепсэльыхьащ Налшык къала дэт, Совет Союзым и ЛІыхъужь Калюжный Н. Г. и цІэр зезыхьэ курыт еджапІэ №7-м полицэм къыщызэрригъэпэщ кадет зэщІэхъеенныгъэр зэрылажьэм.

- КъытщІэхъуэ щІэблэр хабзэхэм пщІэ хуащІрэ ахэр ягъэзащІэу, цІыху щыпкъэу дгъасэмэ, ди къэкІуэнумкІэ дыщІэгъуэзэн щыІэкъым, - жиІащ Павлов Василий.

Министрым КъБР-м щыІэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхъэмадэ Мэкъушэ Руслан фІыщІэ хуищІащ, ведомствэм игъэкІуэкІ Іуэхухэм жыджэру зэрыхэтым папщІэ.

Мэкъушэ Руслан къыщыпсальэм и гугъу ищІащ Советым и илъэс лэжьыгъэм къриКІуэхэм.

ЗэІущІэм и кІэухым Жылагъуэ советым и ЛІыкІуэхэр хэпльащ къызэгъэпэщыныгъэ Іуэху зыбжанэм, 2023 гъэм къапэщыт къалэнхэр яубзыхуащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Багъэтыр Аркадий Хъуэт и къуэр

Ди республикэм и щэнхабзэмрэ и журналистикэмрэ хэщІыныгъэшхэр ягъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 85-м иту дунейм ехьажащ журналист цІэрыІуэ Багъэтыр Аркадий Хъуэт и къуэр.

Тэрч районым хыхьэ Курп Иущхьэрэ къуажэм ар 1938 гъэм мазаем и 5-м къыщалъхуащ. Курыт еджапІэр къыхури, щІэтІысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым икІи абы и тхыдэ-филологие факультетыр 1962 гъэм къыухащ. А гъэ дыдэм къыщыщІэдзауэ илъэс 12-кІэ радиом и диктору, Шэджэм районым къыщыдэкІ «Красное знамя» газетым, иужькІэ илъэс тІощым щІигъукІэ «Адыгэ псалъэ» газетым щылэжьащ. Иужьрей илъэсхэм редакцэм письмохэмкІэ и къудамэм и унафэщІу щытащ.

Дагъуэ зыхуримыгъэщІу и кьалэнхэр сыт щыгъуи зэфІэзыгъэкІыу, зыхэтхэм фІыуэ кьащІащІыу ягъэкІуэкІа Багъэтырыр 2000 гъэм пенсэм кІуат.

А лІы зэкІужьр республикэм фІыуэ кьащІащІыхурт жылІэкІэ ущыуэнухьым, къызэрацІыхур диктору зэрылэжьа, журналисту зэрыщІта къудейркъым, атІэ и цІыхугъэрт, и гуапагъэрт, хэти зэрызыщІигъэкъуэфырт. «Абы и гъусэу тІасхъэщІэх укІуэ хъунущ», - жьхуаІэхэм хуэдэт Багъэтырыр.

Аркадий хабзэ, нэмыс, цІыхугъэ зыхэлъ адыгэлІ зэпІэзэрытт. Арат Багъэтырыр фІыуэ щІалъагъуи, пщІэ къыщІыхуащІри. Зи хьэл-щэным хэбдзынІаеу хэмылът, цІыху нэст.

Ар и унагъуэкІи цІыху зэхъуапсэм хуэдэт. Абыра и щхьэгъуэсэ Саирэтрэ бынищ зздапІащ, Іэщ1агъэ-щІэныгъэ иратауэ, унагъуэ щхьэхуэу зэрыстысыжауэ, насыпыфІэу мэпсэу.

Зи кьалэн псоми елІэла, и лэжьэгъуэмрэ къыдэгъэгурыкІуэхэмрэ пэжкІэ ябгъэдэта Багъэтыр Аркадий Хъуэт и къуэр дэ зэи тщыгъупщэнкъым.

КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащхьэмахуэ» журналым я лэжьакІуэхэм къабгъэдэкІыу.

● ЩакІуэ Іуэтэж

Мыщэм адыгэ уэрэдыжь жеІэ

Си ныбжьэгъужь Уэзджынокъуэ Іэулэдин щэкІуэнкІэ ерыщт икІи хуэІэкІуэлъакІуэт.

ЩІЫМАХУЭ мазэгъуэ жащ гуэрым уэсри Іуву телъу, «накІуэ дегъажьэ тІэкІу дыгъэщакІуэ!» жеІэри къызэхулІэ.

Адыгэм накІуэ къыжраІамэ, «хьэуэ!» къыхигъэкІ хабзэтэкъымкІ, Іуэ лІэужьыгъуэу си къэуалыжьыр къасщтэри, сыбгъурыуващ. Арати, жащ мазэгъуэ дахэм дыгъэмыхъуэ джабэм дыкІэрыхьащ, мэзым дыхуэкІуэу.

КъэкІуэхьынкІэ дезэшу зыкъыщытщІэжам, жащьыбгым фІэкІат, мазэри къухьэжат. Ди Іуэхури «хьэпщІэу зимыІэр Іэнэщ1у къоІуэж» жыхуаІэм хуэкІуат. Сыт тщІэнт, жащьыбгым фІэкІауэ, къэткІухьурэ дезэшат! Мэз гъунэм щыт мэкъу Іэтэшхуэм дыдопщейри, и кур (и щхьэр) къыдотхъури дыхопщхьэ, хуабэу дыхогъуатлъхьэ.

Іэулэдин жащ зытІущ хуауэ и напІэ къемыхыу щэкІуати, занщІэу жей Іэфым хилъэфащ. Ныбжьэгъур щакІуэ Іэзэт. ПІащэжьитІ зы шэкІэ къыщыкІ къэхуат. Щэкіуэныжькіэ сымыеРыщми, сэ абы и гукъыдэжыр дэсІыгъыу арат. Мыжейр сэрати, си щІэщыгъуэу сыплъырт. Сынабдзэгубдапльэт, сызыщІадзІыкІырт.

Ауэрэ, нэхулъэр къыщыщэжІщІытхым, адыгэ уэрэдыжьым хуэзгъэда дзапэ уэрэд си тхьэкІумэм кьоІуэ. Мы дунейм теткъым зыхуэсхьа, мэкъур зыуплъэкІу хъумакІуэм, дзапэ уэрэд кІришуурэ, къытхуэкІуэу фІэкІа.

Согузаевэ икІи соукІытэ, «мэкъур кьифтхъуу, Іисраф щхьэ фщІа?» жиІэу емыкІу дыкьищІмэ, жьзоІэри.

Абдежьым щэхубзэу Іуэрэдин къызогъэуш.

- Хъумакіуэр къэсащ. Сыт иджы жетІэнур? - жьзоІэ.

Мо щэкІуэжьым занщІэу Іуэхур зытетыр къыгуроІуэри, «ээт, ээт, зыущэхут!» кьызжеІэ.

ДызыщІэдэІукІмэ, дзапэ уэрэдыр ГъунэгъУ къохъу. Дыплъэмэ, и анэм мыщэ акъУшитІыр (и шыритІыр) игъэпІащІэу мэзым щІишэжу арат, зэрыхуэдгъэфэщамкІи, ди мэр къыщІихьат.

Быдэу фи фІэщ зэрыхъун: мо мыщэ пщэхур и шырхэм зэрепсэлъа «бэзэр» дзапэ уэрэду къысщыхъуауэ аратэмэ.

Тобэ ярэби, «мыщафэ Іэрымылъхьэм гуащэр щомыгъэгуГъ, уи гъусэм ущыгугъыу мыщэукІ умыкІуэ!» жыхуаІэр аракъэ? Гуащэр къэдгъэгугъэпэуэ щытами, шыритІ зыщІэс мыщэр зэи къэдмыукІыну арат.

ПщэрыхькъэдмыкІыми, «дзапэ уэрэдым» ди гукъыдэжьыр къиІтарэ тлъэгъуар зэдгъэщІэгъэкІыжу, дыкъежьэжащ.

БАБЫГУ Сосрыкъуэ.

Я зэфІэкІхэм хагъахъуэ

«Иджырей еджапІэ» къэрал проектым хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджапІэ куэдым къыщыхъуахащ «Точка роста» фІыцІыгъэм щІэт еджапІэ центрхэр. Абыхэм ящыщщ Налшык къалэ дэт курыт еджапІэ №15-ри.

АПХУЭДЭ центрхэм я фІыгъэкІэ физикэр, химиер, биологиер куэдкІэ нэхъ куууэ джа хъунущ. КъищынэмыщІауэ, а Іуэхумкіэ сэбэпышхуэ хъуащ школыр зыхуейзыхуэфІкІэ къызэрызэгъэпэщари.

Зи гугъу тщІа унэтІынытгъэхэм я мызакъуэу, центрым и лэжьыгъэр хуэгъэпсащ естественнэ, техническэ щІэныгъэхэм ехьэлІа дерсхэр нэхъ убгъуауэ еджакІуэхэм ябгъэдэлъхьэ-ныр, классщІыб лэжьыгъэ купщІафІэхэр дистанционнэ мардэм тету егъэкІуэкІыным. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэщІэхэм Іэмал къыпытынущ адрей курыт еджапІэхэри дерсхэм къыхашэу, ябгъэдэль зэфІэкІхэмкІэ зэдзэгуэшэну.

Центрхэм я егъэджакІуэхэр хуагъэхьэзыраш сабийхэм зэрадэлэжьэнум. А Іэмальщ1эхэм я фІыгъэкІэ дэтхэнэ зы еджакІуэри къыхиха щІэныгъэм ехьэлІауэ ищІэн хуэй куэдым хагъэгъуэзэнущ, ирехъу ар техникэ, гуманитарнэ, естественнэ унэтІыныгъэу. Апхуэдэ зэдэлэжьэкІэм еджакІуэмрэ егъэджакІуэмрэ нэхъ зэпэгъунэгъуу ищІынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Аргентинэр дунейпсо чемпионщ, Месси топджэгу нэхъыфІщ!

Махуэ 28-кІэ Катарым щызэхэта футболымкІэ дунейпсо чемпионатыр ихъащ. Нэхъ лъэрызехьэу зыкъэзыгъэлъэгъуа командэхэм хэт сыт хуэдэ увыпІэ кьихьу дэпхуэдэ медаль хуэфащэми щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхагъэкІащ.

ЯПЭУ зэІущІащ ещанэ увыпІэм, дыжьын медалхэм, щІэбэнахэу Хорватиемрэ зыным ямыгугъуаУ зэфІэкІ зиІэу зыкъэзыгъэлъэгъуа Марокксэмрэ. Илъэсиплкіэ узэІебэкІыжмэ, ди къэралым щекІуэкІа дунейпсо чемпионатым хорватхэм ятІуанэ увыпІэр къызэрахьар къэплъытэмэ, Марокксэм дежкІэ хьэнэжа зы джэгугъуэм дэпхуэдэу и Іэху хъумк хэщІныныгъэу адэкІэ къыгъэлъытэнутэкъым. Хэт и гугъэнт етхуанэу фІэкІа дунейпсо чемпионатхэм хэмыта, ипэкІэ ехьулІэныгъэшхуэ зимыІа Африкэм и командэр, чемпион хъуну зыхуагъэфащэху, Бельгиемрэ Испаниемрэ текІуэну. ХигъэщІа Канадэри хуэмыхуу кьыпхуэлъытэнукъым. Къэралым, абы имызакъуэу мы дунейпсо зэхьэзэхуэм я лІыхъужь хъуауэ Марокксэм и гъуащхьэтет Буну Ясин къальытащ. Абы ар кьызэрилэжьар, шэч къызэтУмыхьэнщ. Африкэм къикІа командэр Хорватиеми ерыщу зэрыпэщІэтам и щыхьэтщ бжыгъэр зэрытемыгъакІуэу, 1:1-уэ, дакъикъэ 42-нэм нэсыху зэрыщытар къэплъытэмэ. Мы зэІущІэм нэхъ си насыпкъикІа хорватхэм бжыгъэр 2:1-уэ текІуэныгъэр къахьри, ещанэ увыпІэр иубыдащ икІи домбеякъ медалхэр зэІэрагъэхьащ.

Иджы, пом ящхьэу, кІэухыу екІуэкІа зэІущІэм текІуауэ. Аргентинэмрэ мыбы ипэ, 2018 гъэм, ди къэралым щекІуэ дунейпсо чемпионатым ипэ увыпІэр къыщызыхьа Франджымрэ я командэхэм щыджэгу футболист цІэрыІуэхэм я зэфІэкІыр къэплъытэмэ гуащІэу зэрызэпэщІэтынур зым и джэкІи щэхуу къыщІэкІынтэкъым. Арщхьэкіэ хэт и гугъэнт апхуэдэ дыдэу ар гуащІэу щытыну икІи текІуар сыхьэтитІым щІигъукІэ яхуэзыхэмыгъэкІыу, чемпион хъуар метт пщыкІузым деж щагъэбелджылыну. Мы командитІым я тхыдэм ухэплъэжмэ, ахэр щызэхуэзэкІэ щэнэйро топик-блы гъуэм щыдагъэкІа къэхуауэ, Апхуэдэт ди къэралым щекІуэкІауэ щыта чемпионатым щызэІущІами. Абы щыгъуэ бжыгъэр 4:3-уэ Франджым текІуэныгъэр къихьат.

Вэсэмахуэрей Месси Лионель зи пашэ, мы зэІущІэм хьэрхуэрэгъуэм я гъуэм дигъэкІа топ бжыгъэмкІэ Бразилием и футболист цІэрыІуэ Пеле лъэщІыхьауэ, Аргентинэ командэм фІы дыдэу щІидзауэ, бжыгъэр 2:0-у текІуэныгъэм хуэкІуэрт. Ауэ, футболым дильигугъэ телъыджэхэр кьыщымыхъым апхуэдизэ щІыхр, дауи, дихьэхьитэкъым. Франджыми яІэу кьыщІэкІащ Месси кьыкІэрымыкъу футболист Іэзэ, хьэрхуэрэгъуэм я гъуэм топ дигъэкІамкІэ чемпионатым бжьыпэр щызыубыда, мы зэІущІэр зэхуэдэу, 2:2-у, бжьыгъэм хуэзыгъэкІуэфа. Хухаха, зэманым сыхьэт ныкъуэ щІагъуами хэлІыфІыхьащ зи гугъу тщІы футболистыр. Ар Мбаппе Киллианщ. Апхуэдэу щыт пэтми, мы пщыхьэщхьэм Аргентинэмрэ Мессирэ нэхъ насыпыфІэу кьыщІэкІащ.

Сыхьэтитім щІигъукІэ яхуэзэгъэкІакъым текІуар. Бжыгъэр 3:3-уэ щиухьми, хабзэм къызэригъэуныт, метт 11-м деж щыту гъуэм дзгъэкІынымкІэ зэпеуэн хуей хъуащ. Аргентинэр нэхъ Іэзэу кьыщІэкІащ икІи 4:2-уэ текІуэри, ещанэу дуней псом и чемпион хъуащ.

Апхуэдэу зэфІэкІащ къэрал 32-рэ зыхэта, япэ дыдэу бжьыхьэм и кІэухым щыщІадзэу щымахуэм ирихьу Катарым щызэхэта, илъэсиплІ къэс къызэрагъэпэщ зэхьэзэхуэшхуэр. Абы дзрэжгъуэ ин къаритащ дуней псом щыпсэу цІыху мелардхэм!

ШАФИЙ Аслъэн.

ІэнатІэр егъэфІэкІуэным тещІыхьауэ

● Узыншагъэ

ХьэцІыкІу Анатолэ и цІэр зезыхьэ Шэджэм район сымаджэщым 1980 гъэ лъандэрэ иджы япэу сыт и лъэныкъуэкІи зыхуэІэзэжу зэгъэпэщІыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІыу араш. Медицинэ Іуэхущ1апІэм къепхащ щыналъэм щыпсэу цІыху мин 70-м нэблагъэ. Махуэ лэжьэгъуэм къриубыдэу абы цІыху 250-м Іуэхутхьэбзэхэр щыхуащІэфынущ, щыцІынэмыщІауэ хэтщ сымаджэхэм махуэм щеІэзэ къудамэ, гъуэлъапІэ 15 щІэту.

«УЗЫНШАГЪЭР хъумэнымкІэ Іэнатіэм щІыхухэм япэ дэІэпыкъуныгъэхэр щыхуащІэ и Іуэхущ1апІэхэр къэгъэщІэрэщІэжьын» щІыналъэ программэм хэту сымаджэщым и унащхьэр, инженер коммуникацэхэр, бжэхэр, щхьэгъубжэхэр яхъэужащ, унэ щІыбыр зэрахьащ. Іуэхущ1апІэм и пІэлущІэ щІыхьэпІэмэ зэхъуэкІыныгъэ иГуэтащ: сабийхэмрэ балигъэхэмрэ я поликлинэкхэр зэхагъэщхьэхуКІащ, чэзум ущежьэ пЛанэпэри тыншыпІэм хуэщІауэ къызэрагъэпэщащ. Іуэхущ1апІэм и лэжьыгъэр цІыхухэм хуащІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэм арэзы къызэрищІыным хуэщІауэ ягъэпсынущ. Гулъытэ зыхуащІхэм ящыщщ ОРВИ узыфэ зэрыцІалэхэр зыпкъырытхэмрэ адрей сымаджэхэмрэ зримыхьэпІэу щІыхьэпІэ щхьэхуэхэр гъэхьэзэрыным.

Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр мы илъэсым и кІэм ирихьэлІэу зэфІагъэкІынущ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

Зыгъэхьэзырар **НАФІЭДЗ Заремэщ.**

И макъыр жыгъырущ, езыр гурыхуэщ

Марэущ Тамерлан Щхьэлыкъуэ къуажэм щыщщ. Щіалэ жыдэжр цІыкІур республикэм щекІуэкІ Іуэхуэхэм хэту куэдрэ щыдолъагъу: уэрэд жиІэу, хъуэхъу иІэту, къафэу. Нобэ дыхуейщ Тамерлан нэхъ гъунэгъуу фэдгъэцІыхуну.

- Тамерлан, сыт хуэдэ классым укІуэрэ? Сыт хуэдэ дерс нэхъ удэзыхьэхыр - математикэ, литературэ, хьэмэрэ?

- Сэ Щхьэлыкъуэ дэт езанэ курыт школым и ещанэ классым сыщІэсщ. Тху защІэкІэ соджэ. СфІэфІ дыдэу сокІуэ школым, ЗэклассэгъуэрфІыуэ дызэролъагъу, дызэрогъэныбжьэгъу. Си егъэджакІуэр Жэрыщты Жаннэщ. Дызыхуригъаджэу хъуар гъэщІэгъуэну кІыдгурегъаІуэ. Си егъэджакІуэм и фІыгъэщ сэ еджэныр фІыуэ зэрысльэгъуар. Дызэджэхэм псом япэ изогъэщ адыгэбзэр - анэдэлъхубзэмкІэ еджэнри тхэнри зэи къызэгугъуэкІакъым. Сигу ирохь математикэри - абы сегъэгупсысэ. Урысибзэри инджьлъзыбзэри сфІэгъэщІэгъэнщ.

- Ин уэхуэм, сыт Іэщіагъэу къыхэпхынур?

- Утыкушхуэ ситу си нэгу къыщІызогъэхьэ. УэрэджыІакІуэ сыхъуну сыхуейщ! Иджыри сыхуейщ Іэфіыкіэ щащІ заводышхэу сыухуну! Си мурад псори къызэхъулІэн щхьэкІэ, псом япэ фІыуэ седжэн хуейщ!

- Уэрэд жыІэным хэт удригъэхьэха? Зыгуэр щапхъэ пхуэхъуауэ пІэрэ?

- ИлъэситІ сызэрыхъуурэ, сыкъэфэну, уэрэдым сыдежьууну сыхэтти, си адэ-анэм гу къыслъатэри, сытрагъэгушхуэурэ, фІыуэ слъэгъуащ уэрэд жыІэныр. Си адэр щышколакІуэм уэрэд жыІэным дихьэхыу щытащ, зэпеуэхэм хэту, школым щекІуэкІ пшыхьхэри игъэдахэу. Абы и лъэужьым сриклужжауэ жаІэ.

Зэпеуэ зыбжанэм япэ увыпІэ къыщыхьащ. Сэ нэхъри лъэщ сащІу къыщІохьу текІуэныгъэхэм - иджыри нэхъыбэ сщІэну сыхуей мэхъу. Макъамэ пшыхьхэм срагъэблагъэри, сфІэфІу сыхэтщ. Адыгэ уэрэдыжьхэр жызоІэ, нэгъуэщІыбзэхэмкІи согъэзащІэ уэрэдхэр. Сэ езым си уэрэдхэри сІэщ.

- Сыт хуэдэ ахэр, хэт пхуитха?

- Жабо Замирэ схуитхащ «Адыгэ джэгу» уэрэдыр. ЕтІуанэр - «Адэ-анэ» - уэрэдыр, Бэвыкъуэ ФатІимэ схуитхащ, псом нэхъыфІу слъагъурщ ар. Ещанэр жыІэн зэрыщІэздзэрэ куэд щІакъым. Ар Лъашэ Альберт итхат Къэбардей-Балъкъэрыр илъэсищэ зэрырикъум щхьэкІэ. Сэ тыгъэ къыслухуищІащ, макъамэмкІэ си егъэджакІуэр къыздэІэпыкъуурэ уэрэдыр къздгъэІуащ.

- ЗэрысщІэмкІэ, макъамэ студием уокІуэ. Хэт уи гъэсакІуэр?

- ИлъэситІ хъуащ макъамэм сызэрыхуеджэрэ. Си гъэсакІуэ ДыщэкІ Артур и деж сызэрыкІуэрэ си макъри нэхъ къызэрыкІауэ къыслощхъу. Уэрэд жыІэным, утыку итыкІэм сыхуегъасэ. Абы куэдрэ къызжеІэ си адэ-анэм я гугъапІэхэр згъэпэжыну къысщыгугъыу.

- Ди республикэм и уэрэджыІакІуэхэм ящыщу хэт щапхъэ пхуэхъур?

- УэрэджыІакІуэ Іэзэ куэд соцІыху. Ауэ псом япэу щапхъэ схуэхъур Нэхущ Чэримщ. Къысщохьу уэрэд жыІэным гу хуэзыщІу хъуам ар я щапхъэу, абы ещхь хъуну екъуапсэу. СызэрыцыкІунитІэрэ Нэхущ Чэрим и уэрэдхэм содаІуэ, ахэр гукІэ сощІэ, и пшыхьхэм сыкІуа нэужь, си Іэпэр иубыдырт утыкум сришэрти, сызыдригъэжьут, икІэми дахэу къызэхъуэхъужьырт. Апхуэдэхэм деж си гур хэхъуэрт, сыльэтэн сфІэщІт. Сэри сыщІохъуэпс Нэхущ Чэрим хуэдэу цІыхухэм фІыуэ я ялъагъу уэрэджыІакІуэ нэс сыхъуну?

- Адыгэбзэкіэ усэ укъеджэну зэрыпфІэфІри сощІэ...

- Илъэсипл сыщыхъум Нало Заур «Нанэ и псэ, дадэ и бзэ» и усэр зэзгъащІэри, си анэм зэпеуэм сыхигъэхьат. «Литературный Старт-Ап»-м Гран-при къыщыхьауэ щытащ. Апхуэдэу абыи сыдихьэхащ. Усэ зэпеуэ зыбжанэми япэ увыпІэ къыщыхуагъэфэщащ и ужькІэ. Усэ куэд, хъуэхъу зыбжанэ гукІэ сощІэ. Абыхэм папщІэ къызатауэ, Къэбардей Адыгэ Хасэм и щыхъ тхылъхэр сиІэщ. Ди лъэпкъым махуэшхуэхэм теухуауэ иригъэкІуэкІ Іуэхуэхэм сэ хъуэхъу щыжызагъэІэ.

- Егупсыси къыджеІэт... Сыт цІыхум и анэдэлъхубзэр Іэмал имыІэу ищІэн щыхуейр?

- Анэхэм къыпІуралъхэри, дропсалъэри, дризэгуроІуэри... ИтІанэ, нэхъыжьхэм куэдрэ жаІэу зэхьзох лъэпкъым и псэр, и бзэр арауэ. Абы щхьэкІи тхъумэн хуейщ ди бзэр. Адыгэбзэкіэ дыпсалъэмэ, усэхэмрэ уэрэдхэмрэ жьытІэмэ, дыщІэрэщІэну къысщохьу.

- Тамерлан, Илъэсыщ1эр фІыуэ пльагъуроэ? Уи ныбжьэгъу цІыкІураш сымэ дапхуэдэу уокъуэхъун Илъэсыщ1э къэблагъэмкІэ?

- Илъэсыщ1эр фІыуэ сольагъу, къысхуэмыгъэсу сыпоплъэ, си шыпхъу цІыкІумрэ сэрэ саугъэтэхэр къыдатри дагъэгуфІэ. Ди нэхъыжьхэми, си ныбжьэгъу цІыкІухэми сехъуэхъуну сыхуейщ узынщагъэрэ мамырыгъэрэ Илъэсыщ1эм къытхуихыну!

- Тхьэм уигъэпсэу, щІалэфІ, уи мурадхэр къохъулІэну ди гуапэщ!

Епсэльар **НАФІЭДЗ Данэщ.**

Зыгъэхьэзырар **НАФІЭДЗ Заремэщ.**

Сыт хуэдэ псейр?

Сыт дэ псейм теухуауэ тщІэр? Сыт жыг лъэпкъыгъуэ ар, сытым и нэщэнэ, дауэ къэсэбэлрэ? Девгъэлпъыт!

♦ПСЕЙР дунейм и дэтхэнэ щыпІэми къыщокІ.

♦И лъабжьэр щІофыкІ ар илъэси 10 - 15 ирикъуа нэужь. ЕтІуанэу къыщІыж лъабжьэм и лъэхъцхэр бгъуэгъкІэ нэхъ зэкІэщІокІ, щІым куущэу хэмыкІэу. Аращ псеишхуэхэр жьы борэнхэм щІращІыкІыфыр.

♦Ику иту псейр мэпсэу илъэс 200 - 300-кІэ. УщрихьэлІэ щыІэщ илъэс 600 си ныбжьхэми. Швецием къыщокІ илъэс 9500-рэ си ныбжь псеижьыр.

♦Псейр докІей метр 30-кІэ.

♦Псейм шыкІуртІымхэр (шишкэхэр) къыпыкІэн щыщІидзэр абы и ныбжьыр илъэси 10 ирикъуа нэужьщ. Псейм и пхъахуэхэр (волокно) захуэуэрэ зэкІэлъокІуэ. Абы и фІыгъэкІэ псейм къыхэщІыкІа макъамэ Іэмэпсымэхэм макъ къабзэ ягъэІу, жьгъыруущ.

♦Псейм и кхъуакІэпыкІэхэм (хвоя) витамин С жыхуэтІэр куэду хэлъщ. Хущхъуэу къагъэсэбэп псейм и кхъуакІэпыкІэхэр, жылэхэр, мэзышыр (смола). Пыхуэсыхум и зэманым деж псейм и банэ цІыкІу зытІущ махуэм къриубыдэу бгъэныщкІымэ, узыр нэхъ къыббгъэдигъэхьэркъым. Псейм и кхъуакІэпыкІэхэм къыщІэгъэвыкІа шей уефэну сэбэпщ, уи тэмакъыр узрейм.

♦Сэбэпщ псей къудамэ цІыкІуэр псым хэту унэм щІэбгъэтыну. Абы дызыхуэмей бактериехэр еукІ.

♦Илъэс къэс псейм зыкІэредз и кхъуакІэпыкІэхэм я процент 15-м хуэдизыр. Гъатхэр къызэрихьэу ахэр аргуэру къощІэрэщІэж.

♦Зы псей шыкІуртІымым жылэ мин хуэдиз иІыщ.

♦Псейр къагъэсэбэп тхьилъымпІэ къыщыщІагъэкІкІэ. Ар тхылъымпІэ щабэ мэхъу, шэкъэр тещІэфтыркъым, утетхыхыну тыншщ.

♦Псейм и шыкІуртІымхэр тету плъагъунущ къэрал щхьэхуэхэм я ныпхэм. Ар лъагапІэхэм я нэщэнэу къалъытэ.

Мыри ныщІыдогъу: псейм цІыкІуэр егъэгуфІэ ИлъэсыщІэр къэсмэ! Ар яблэ, ягъэщІэращІэри, махуэшхуэр къызэрыблагъэм и нэщэнэу унэхэм щІагъэувэ. Псейм и щІагъым щотІыгъуэ сабийхэм я тыгъэхэр. Щыымахуэр къихьакъэ, илъэсыжьым и кІэух хъуакъэ - псей гъэщІэрэщІахэм я чэзущ. Ди щыпІэми щызэщІоблэ псей щІэращІэхэр!

ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.

Къуажэхьхэр

Яжьэ ныбэу хьэмбыІу цІыкІу
(хьэку)

Вакъэ лъапэ кІыхь,
Мэз щІыхьэрей
(Іэжьэ)

МафІэм имыс,
Псым имытхьэлэ
(мыл)

Іэдэуадэншэу псым лъэмыж тезылъхьэ
(щІыІэ)

БдзапцІэ нэхърэ нэхъ хьэлъэ,
Фо нэхърэ нэхъ Іэфі,
Уи щІыб иплъхьэмэ пхуэмыхьын,
Бэзэрым теплъхьэми ямыщэхун.
(жей)

Джатэхэ Сулеймэнрэ Камилэрэ ИлъэсыщІэм поплъэ!

ЩэкІуэгъуэр къуэлэн щІэхъуар

Уэс къэзыхь пшэр мэз щІыбым къыдэплъри, мэзыр зэрызехьэ ищІащ. ТхьэкІымэкІыхьым пшэр къызэриЛъагъуу, къэгуфІащ:

- Къажэ, пшэ, къажэ! - жиІэри. – Сэ куэд щІауэ сыхужьщ, ауэ уэсыр къесыркъыми-къесыркъым. ЩакІуэхэм сыкъагъуэтынкІэ ІІо еплъынкъым.

Пшэм ар зэрызэхихыу къожьэ.

- УкъэмыкІуэ пшэ, гъаэз, гъаэз! - къыхокІиикІ адэжьынэр. - ЩІыр уэсым щІиуфэмэ, сэ сыт сшхыжьын? Сэ си лъабэхэр къаруунщэщ, уэсыр схуэІутхъунукъым!

Пшэр йокІуэтыж.

- КъакІуэ уэ, сыт зыщІэбгъэпщкІужьыр! - мэгъумэтІымэ мыщэжьыр. – ПсынщІэу схущІэуфэ си гъуэр: жьырэ щІыІэрэ нимыхьэн хуэдэу, хамэм сыкъимыльаагъун хуэдэу!

Пшэм тІэкІу зрельэфыхьри, аргуэру мэзым къыщхьащыхьуэ щІедзэ.

- Гъаэз, гъаэз! - мэкъугъ дыгъужьхэр. - Уэсыр къыупхьыхьмэ, дауэ дыззрыпхькІынур? Дэ, дыгъужьхэр, дызыгъашхэр ди лъэращ!

Пшэр Іэнкун хъури зэтеувыІащ.

Мэзым щІэсхэр мэкІий, мэкъугъ.

- Ди деж къакІуэ, пшэ! - жаІэ иныкъуэм. - Мэзыр уэскІэ щІэгъанэ!

- Гъаэз, икІуэтыж!

Пшэр зэм къожьэ, зэм йокІуэтыж. Зэм уэсыр кърепхъых, зэм щегъэтыж.

Мис аращ щэкІуэгъуэр щІэхъуэлэныр: зэм къошх, зэм къос, зэм уае мэхъу, зэм къеутІыпщыж. Зы щІыпІэхэр уэс хужьщ, адрей щІыпІэхэр щІы фІыщІэщ.

Е щІымахуэкъым, е бжьыхьэкъым.

СЛАДКОВ Николай.

Зэзыдэкіар **НАЛО Заурщ.**

Пэжу ифтхэмэ къехыу «илъэсыщІэ» фыкъеджэнущ.

ЕкІуэкІыу: **1.** ЗэкъуэшипщІым джэдыгуитІ ящыгъщ. **2.** Къэрабэ плъыфэу уафэм едзэкІа. **3.** ЩабэрыкІуэ, мэз кІуэрей. **4.** Ди пщантІэ пІэтепхъуэ хужь тельщ. **5.** Уеплъмэ - гъуджэ, уеджэн - дэгу. **6.** Дунейм тет псори зыгъашхэ. **7.** Уэ нэхърэ нэхъ жэрщ, сэ нэхъри нэхъ жэрщ, удэжэкІи улъэщІыхьэнукъым.

Псалъэзэблэдз



Жэуапхэр:
1. Іэмпиті; 2. Пшэмпь; 3. Іажэ; 4. Уэс; 5. Мыл; 6. Щ1ы; 7. Жьырэ.

Зэхэзылъхьар **БИЦУ Жаннэщ.**

«Къуагуэ щІын» жиІэмэ къикІыр

ЦІыкІуэр щыджэгукІэ къагъэсэбэп Іэмалщ. Гупитіу загуэша нэужькІэ, джэгу ящу зыльысыр къахутэн папщІэ, е пхъэидзэ ящІ, е къуагуэ къащІ. Къуагуэ къызэращІыр мыпхуэдэущ:

Зы щІалэ лъабакъуэ зыбгъупщІкІэ Іуагъэкіри, и нэр уфЫыцІауэ, и щІыбыр къэгъэзауэ, и ІитІыр ирагъэІэт - зыр ІэштІыму (къуагуэ), адрейр Іэ бэлагъыу. МыдэкІэ тхьэмадитІ щысыр зэгуроІуэ: ІэштІымыр иридзыхмэ, фэ фоджэгу, Іэ бэлагъыр иридзыхмэ, дэ доджэгу, - жаІэри. Ахэр зэрызэгурыІуар къуагуэ къэзыщІым илъагъуркъым икІи зэхихыркъым. Тхьэмадзкэр зэгурыІуа нэужь, «едзых!» жаІэ. Къуагуэ къэзыщІам иридзыха Іэр зытраІуа гупым джэгур ирагъажьэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
ЖЬэкІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыдж3 Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныжьІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.748
Заказыр №2538

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*.

КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къудокІ.